Бусурмантала гIямрулизиб хIяжла кьадри бурули кьиматлабарес хIейрар. Аллагьла вакилли (гI.с.) буриб: «вайти гъай хIедурули, бунагь баэси ва балхIебикибси селра хIебирули, хIяж дураберкIибси адам нешли варкьибхIеливан умули хъайгIи чарулхъан». РухIласи умудешли бусурман адамлизиб дин чIумабирахъу, мурад сархниличи цIакьвирахъу, Аллагьлис дигути баркьудлуми дурадуркIахъес хIяракат имцIабирахъу. РухIлати гъирачердеш имцIадиахънила бегIлара гIергъиси гъай ишди сари: «Лаббайка, Аллахумма, лаббайка», чевяхIси Аллагь багьандан сунезир лерти лерил секIал харждарес адам хIядурли виъни чебиахъути. Адамти идеологияла тяхIярли цабирахънила, ихтилатунала бегIлара гIяхIси тяхIяр саблин, хIяжли мягIничебси мер бурцули саби бусурмантала историяла-культурала ва социально-политический гIямрулизиб. Адамти цабирахъуси анцIбукь саблин, инсаниятли далути цархIилти анцIбукьлуми ургабра хIяжличи сунечи цугбуцеси анцIбукь агара. Дунъяла декIар-декIарти мераначибад миллионти бусурманти Аллагьла Хъа мякьлаб цалабиркули саби. Тянишбиъни, ихтилатбикIни, челукьути масъултачила гъайбикIни, масъулти арзес лебилра барх умцIни, цабехIли-цабехI гIеббурцни. Лерил илдани хIяж бегIлара бахъал халкь цалабиркуси исламла конференция бетарахъули саби.

ГIяламатунала тема даимбирули бурес вирар, хIяж, лерилра гIядатуни ва тяхIурти сунезирли, бусурмантала умма цалабирхъуси гIяламатли бетаурли саби или.

Хабар-мар

Тахсурманов МяхIяммад

Больницала роддомла отделениелизиб:

- Чи сая, гъари, илцадра ахъли висуси?!

ХIябал баркьибсила урши хIейэс?!

- АхIен, ихдала дудеш сай коридорлав висуси.

* * *

Неш уршилизи:

- ХIяжи, хIу нушани чехусанварилри, нушала бекIличи ацIилри. ХIейгалра, хIу танбихIлаварес чевкъули саби.

- Илгъуна сегъуна бирусив? ХIушани чехусанварили, ну танбихIлаирули?

* * *

АлхIят бархIи я муруйс, я хьунуйс ухьалабад гьаббиубли абизес дигули ахIен.

ЯхIбуцес хIейубли мурул гьалав айзурли сай.

- Кофе дигив, ахIерси?

- ХIябра диги.

- ХIебиалли хIедра набра кружкаби диха.

* * *

ДурхIяра рурсира ресторанна гьалабад аркьули саби.

- Гьм... сегъуна бизиси тIемал...

- Дигалли ишарад гIурра детхIел-сатхIел диркехIе.

* * *

Сунела гьалмагълизи:

- ИшбархIи бялихъуна урцес лявкьяду?

- ТIашизи хьунуйзи хьарбиусну.

- Гьу, се барри, лявкьулрив?

- Лявкьули ахIенра. Хьунуй хъайгIив гIярякьини ужахъес ихтияр гиб.

* * *

БахъхIи цали-ца чехIебаибти гIяхIти гьалмагъуни къаршибикили саби. Салам-калам дарили гIергъи:

- ХIела ишхIелла гIямруличи диги, иштяхIгъира алкIахъути се лера?

Хьарбаили саби цали итиллизи.

- ГIе, лер. Харидешра, шаддешра, дигира нуни хIянчилизир дургулра.

- Сабалра се саби гIямруличи илцада диги алкIахъуси хIянчи?

- Ликер-гIяркьила заводлизив держла тIемани ахтардидиран сайра.

* * *

Шагьарла кьакьалабад аркьухIели 6 дус виубси урши нешлизи:

- Неш, халаваибхIели хIед нуни мерседес исис.

- Неш лехIкахъили сари.

- Сен биэсара рухъна неш мерседесличи ариибхIели.

* * *

Мекъ барили, чумал баз дикили гIергъи хьунул муруйзи.

- Дила ахIерси, нушаб 2 дурхIя бирар.

Мурул разивиубли, кIапIруцили.

- ХIуни сели балулри, ахIерси?

- Ца нешличивра тевси сай.

* * *

- 30 литр бензинна кертIа.

- ХIези бурулра, ишбархIиличибад бехIбихьили, бензин дурхъабируси саби.

- ХIебиалли наб дагла кертIа.

* * *

- Неш, нушала дудешла бекIла гъез сен камти, илала бекI чIянкIлигу.

- Ил духхIели.

- Илди (гъез) хIела сен дахъалти?

- МухIли буцану, хIела кьацIли укен.

* * *

Хьунуйзи мурул:

- Нуни халаси алапа кайсулра. ХIугъунти 3 хьунул хIербарес вирус.

- Дебали гIяхIси саби. ХIебиалли нушачи дила нешра халанешра лебкис.

По новому пути

«Щияб нухдасан»

Щукру гьабун бажаруларе нигІмат

Дунялалъул рокъоб инсанасе Аллагьас кьурал чІахІиял нигІматаздасан ккола эбел-эмен.

Дибирзабаз мажгиталдаги гІалимзабаз данделъабаздаги гІемераб бицуна эбел-инсул гьабизе кколеб адаб-хІурматалъул. Гьелъул хІакъалъулъ бицуна радиотелевиде-ниялдасанги, хъвала газетал-журна-лаздаги. Лъаларо, бицун чІалгІунищ, бихьун гІемерлъунищ бугебали, къойидаса-къойиде халлъулеб буго лъималаз эбел-инсул адаб тей. Гьезул рагІиялъухъ гІинтІамунгутІи, хІатта камулел гьечІо гІанталтохалилан эбел-инсуде абулел лъималгицин.

ГІабдуллагь ибн ГІумаридасан бицараб хІадисалда буго, аварагасухъеги вачІун цо чияс абун бугила жиндие гъазават гьабизе бокьун бугин. Аварагас гьесда цІехон буго дур эбел-эмен ругищин. Гьес ругин абидал, аварагас абун буго, гьезие хъатир гьабиялдалъун гьабе дуца гъазаватилан, ай гьезул хІакъал тІуран, гьезие хъулухъ гьабун рокъов чІаян. ИчІго моцІалъ эбелалъ ургьиб баччула лъимер, унтаниги, квачаниги, якъаниги, къварилъи кканиги жиндие бугеб гІузру лъиданиги лъазеги течІого, жиндир ургьиб бугеб лъимада дунялалъул канлъи бихьизе гьелде бугеб рокьиялъ, гІищкъуялъ ва рекІел хІасраталъ. Чан макьу гьечІел, захІматал сардал рогьунел, рахІат-хІалхьи гьечІел къоял рикІкІунел лъимер гьабуралдасаги. Гьеб кинабго эбелалъги инсуцаги хІехьола, баччула. ЛъикІабщинаб квине кьун, тІагІамабщинаб гьекъезе кьун, «мун дир тІегьилан» каранде къан, «канлъи-лъайин» абун гІодобе биччан, гІезабула лъимер. Кинаб рохел букІунеб эбел-инсул тІоцересел галаби лъимаца тІамидалги, гьединго, мацІ бицине байбихьидалги. Къоял-сардал ранагІан, санал цІикІкІанагІан, лъимер кІудияб гІола, черх къуватлъула, къаркъала гьайбатлъула, гьумер берцинлъула, лъикІабщиналде лъимер кулел, кинабго хІажатккан-щинаб лъимада къо бихьичІого, жидерго черхалда барахщичІого къеркьолел эбел-инсулин абуни, къоялсардал анагІан, саназ цадахъ бачун унеб букІуна, доб кидаяли гьезулъ данделъун букІараб чорхол сахлъиги, къуватги, тулаклъи-жанги. Хасало савуялъ бакъвалеб тІегь-хер гІадин, рукІкІелабаз цІола гьумерги, рорхатал мугІрул гІаздакь регарал гІадин, гІодобе биччан бетІерги батІиял расаз цІола. Жидедаго бихьулеб гІакъуба-къварилъиялъухъ балагьи-чІого лъимер цІализабула хІажатабщинабги кьун. ХІатта щибниги жидее лъималазул рахъалъ щвараб кумекцин ккечІого, тІурала ригьнадаги. Гьабгощинаб гІазаб-гІакъуба баччарал эбел-эмен лъимаде хІажалъани, унтиялъ яги херлъиялъ къвал бан, гІантал ялъуни тохалищ рукІунел, лъавукъалищ кколел? ГьечІелищха гьел мустахІикъал нилъеца адаб-хІурмат гьабун, бищун лъикІаб кванаде, ретІине кьун, регизе хинаб тамахаб бакІ гьабун хьихьиялъе? Гьайгьай, руго. Ибну МасхІудица Расуласда цІехана: «Аллагьасе бищун бокьулеб гІамал щиб?» – ан. «ГІужда бараб как, цинги, эбел-инсул адаб гьаби», – ян абуна хирияв Аварагас. Цо нухалъ ЧІикІаб букІараб гІалимзабазул данделъиялда Буйнакск шагьаралъул имам ГІабдулкарим-хІажияс вагІза гьабуна эбел-инсул гьабизе кколеб адаб-хъатиралъул бицун. Данделъи бачунев вукІарав ЧІикІаб росдал имам ГІабдурахІманица бицана эбел-инсуца гІезавун вугила цо вас, бан бугила гьесие шагьаралда минаги, ячун йигила чІужуги, цо пуланаб къоялъ эмен щун вугила васасухъе гьоболлъухъ. Я васас, я нусалъ гьесул цо кІудияб кІварцин гьабун гьечІила. Гьаб рекІее гІечІев инсуца васасда абун бугила гьаб жоялъул магІна щибин, мун гІезеги гьавунин, тарбияги кьунин, ригь банин, чІужу ячанин. Инсуца бицунелъул кІвар гьечІев васас гьадингояб жо бицинчІого кьижизе айин, дуе бусен къачІан бугин, цо гъоркьарукъ бихьизабун буго. Дагьаб заманалдасан вачІун таргьа гІарцулги лъун буго цебе, майин, дурги жиндирги «расчётиланги» абун. Чан жоялъул пикрудай гьабуна инсуца, Аллагьас цІунаги гьадинаб къо нилъеде тІаде бачІине. Дол умумул гІадинал сабруялъулги гІакълуялъулги агьлу гьанже нилъ гьечІелъул. Радалго, эмен анадай абун жаниве ваккарав васасда бусаде гъизги гьабун, гьеб бусенкъайиялдаги къедаги жужан ватун вуго эмен. Виххунккун васас, дуца гьабураб щиб, мун гІантавищ-тохавищилан абун буго инсуда. Цо нухалъин абун буго инсуца васасда, дур эбелги рокъой йикІинчІого, дида мун гьадин ватун, дица дур кинабго бакІаризе, чуризе ккун букІана. Гьанже дурги дирги «расчёт» кканин, дове эбелалъухъе вачІайин, долъулгунги «расчёт» гьабизе. Балагьеха, диналъул вацал ва яцал, инсул гІакълуялъухъги, гъварилъиялъухъги. Маххул бетІерги бугев, цІулал хІажияв гурелъулха эменги вукІунев, нилъеца киназго «эбел, эбелин» абула, гьелда гІайибги гьечІо. Эбелалъ гьабизе ккола лъималазе тарбияги, рукъалъул тадбирги ва росасул адабги. ШаргІалъ тІад гьелда гьабурабги батІияб жо гьечІо. Берцинлъиги, хІеренлъихІалим-лъиги жибго тІабигІаталъго лъун буго эбелалъулъ. Нилъеца, бихьиназ, ургьиб лъимер баччуларелъул, нилъеда гьениб захІмат кин лъалеб, Аллагьас гьеб захІмат-гІакъубагун цадахъ лъимадехун рокьиги хинлъиги лъун буго эбелалъул чорхолъги рекІелъги. Амма дов инсулги каранзулъ бугебха биги гьанги жубараб рухІмуялъулги хІилмуялъулги ралъад гІадинаб гъваридаб бакІ. Нилъеда, лъималазда хІунсарабги унтулеб, унти нилъее ккарабги бухІулеб. Гьаб киналдего регІун даим лъималазда аскІов чІун эмен вукІунаро. Гъол нилъеца рехсарал шартІал тІуразаризе рокъой эбелалъе рахІат-хІалхьи букІине ккани, росасулги руго жинда тІад шаргІалъ лъурал, тІуразе кколел ахІкамал ва хІукъукъал. РакІалде кканщинаб гьабизе жидеда инсуца течІогоян, цо-цо гІолилал дандчІвала гьелда рази гьечІел. Цо баракат камун букІунаро эбелинсуца малъараб гьабиялдалъун лъималазе. Воре, кантІе! Гьал къояз гІумруялдаса ятІалъана цо дир кьериласул эбел. ГІодорчІун кІиявго хабаркІалалда рукІана ва жиндие бугеб захІмалъийин байбихьана гьес. Цо кинабалиго бакІлъи, чІобоголъи лъугьана дие, ургъалил цІуна ракІги, унтарай эбелалъе интернеталдасан балагьизе дару-сабабги жинца течІила, ракІ бухІизе жоги течІила гьабулеб адабхІурматалъулъ. Цо кІудияб кІварго эбелалъ гьел арабазде кьечІелъул, цо-цо хъачІлъиги долдехун ккун батулаанила. Гьанже бухІулеб ракІги бугила эбелалда хадуб, дунгоги ботІрол нерваби унтарав инвалид вукІиналъги ккун батилила дихъа хъачІлъи. АскІов гІодов вукІун жинца эбелалда абулаанила: «Эбел, тІаса лъугьа дидаса, дир ккарал хатІабаздасаян». «Лъималаздасагийищ, дир вас, тІаса лъугьунарел, щиб дуца бицунебин абулаанила мунагьал чураялъ». Гьаб жо бицунев досул гІодобе биччан хисизе лъугьана гьаракь, регьел цІикІкІараб мехалъ бакІ-бакІаздасан гІурдалъа къватІибе бакъуде кенчІолаго рачІунел лъел къатІраби гІадин, беразул тІелхазда добе-гьанибехун герезе лъугьана магІил гарал. Гьеб дида бихьизе теларилан, довехун-гьанивехун вуссун, гьумер бахчизе лъугьана гьев живгоги. Дида цо лахІзаталъ ракІалде бачІана чанго соналъ цебе эбелги хун хутІарав, хъизан-лъималги гьечІев дидаго букІараб хІал. РекІел тІиналдаса тІаде бачІараб бухІиялъги, киралиго рикІкІада квалквалел хиялпикрабазги циндаго магІил цІезаруна диргоги берал. Цо гІунараб хасалил къоялъ къватІиса жаниве цІорон холаго векерун щварав дида, жиндирго накабазда тІад гьитІинай яцги лъун, цІороялъ мацІ босарал долъул хІатІалги жиндирго чехьалда цвизарун, гьел хинлъизарулей ятана эбел. Дида гьеб кигІанги захІматаб жо батана, хІалбихьидал. Ургьиб жаниб цІорол кесек лъураб хІисаб лъугьана, лъимадул хІатІалги дица лъадалъеги риччан хинлъизарана. Цо нухалъ агІадухІажиясул МухІаммадида МухІаммадгІарифафанди ватун вуго эбелалъул хІатІал чахьалдаги цун, хинлъизарулев. Щибдай нилъер ккела эбел-эменгун кІалъаялъулъ берцинаб, недегьаб хІал цІунизе кІоларел чагІазда, чахьалдаги цун дозул хІатІал хинлъизаризе ккани. Нилъее кьураб Аллагьасул нигІматалъул мустахІикъаб хІалалъ щукру гьабунцин киса гуребин нилъехъа ажарулеб. КигІан кутакаб адаб-хІурмат нилъеца гьабуниги, гьеб бащалъуларо эбел-инсуца нилъее гьабуралда. Нилъеца дозул гьабулеб хъатир бугелъул, гьел унтидалги загІиплъидалги, гьелда нахъа бугебги хвел бугелъул. Нилъее доз гьабулеб абуни, нилъ гьитІинал – кІодолъизе, загІипал – щулалъизе, санаде рахине, гІакъуба-къварилъи лъачІого гІезе, гьелда нахъаги гІолохъанлъиги, гьайбатлъиги ва берцинлъиги бугелъул. Нилъ кигІан кІодолъаниги хІажалъула инсул гІакълуялдеги эбелалъул хІеренлъи-хІалимлъиялдеги, гьелгун цадахъ кидаго нилъ гъозие лъималлъун хутІула ва рукІинеги ккола. Цо кутакав багьадур вукІун вуго. Цо къоялъ хъандироги босун хер бецулев ватун вуго гьев росуцоясда. Дос виххун ккун гьикъун буго, гьаб щибжо, гьадинав багьадур хер бецулевилан. Росдае багьадурги вугин жив, эбелалъе васги вугин жаваб кьун буго багьадурас. Пикру гьабурасе гьабги дагьаб жо гуро. Воре, диналъул вацал ва яцал, чІаго рукІаго эбел-инсул адаби тоге, хведал хабадеги ун, дугІа камунги рукІунге. Нилъ кидаго хІажатал, кидаго нилъее гІоларел хириял чагІи ккола гьел.

Эбел

Эбел, мун хвараб къо рикIкIалъанагIан,
РекIелъ цо бакI буго бухIи цIикIкIунеб.
БухIараб магIуялъ бер хуланагIан,
Хивалал ратула мун ялагьулел.
Гьанже дун гьитIинаб лъимерги гуро,
Лъимал дирго ругев эменлъун вуго.
Амма заманаялъ гIорхъилъун тIолеб
ГIищкъу-рокьи гьечIо эбел-лъимадулъ.
Гьале иргадулаб их тIаде щвана,
ТIогьолъги харилъги регана мучIдул.
Рохьал гIурччинлъана, гIалах цIилъана,
Камураб жо гьечIо, гьечIо мун аскIой.
Эбел, дур сабруги, хIеренаб кверги
ХIажатаб къо буго гIемер бачIунеб.
ГIакъилаб рагIигун разияб гьумер,
Гьеб камун кеп гьечIо гьинал рекIее.

Эмен

Жеги гIакълу гьечIев гьитIинав дида
Дур гIадлаби, эмен, чIалгIун кколаан.
ЧIаго вугеванищ, унго, мун гьанже,
ЧIвадил тIилгун дуда аскIов вачIине.
Эмен, дидаса гьеб хатIа лъугьанин,
Гьелда рекъон дие гIадлу гьабейин,
Дирго кверал духъе босун тIилги кьун,
ТIаде гурдеги цIан, цебе мугъги ккун.
Мун Аллагь разилъи тIалаб гьабулев,
РитIухълъи бокьулев инсан вукIана.
АскIов вачIарасул мурад тIубалев,
Махщел кверзул бугев устар вукIана.
Мун нижей камураб къо щваралдаса
Къварилъи гIемераб лъана гIумрудулъ.
ГIакълу-тадбиралъе хIажалъи ккедал,
Огь, эмен анищан ккола ракIалде.
Аллагь, Дуца гIакълуги сабруги
кье нижее чIаго рукIаго эбел-инсул адаб-хIурматги хъатирги
гьабизе, гьезул гIури буцIцIараб
хабалазда аскIорги эхетун, харилъе
тIерхьун унел заназухъги балагьун,
нижеда тIаса лъугьаян, тIинкIулаго
магIугун, хадур гьардеялдаса.
Метер къиямасеб къоялъ Дуда цере
эхетидал, ниж гьаруге, Аллагь,
эбел-инсуе гIакъуба гьабураллъун.
Гьездаса рецIел босеян кIалъаялдаса
цIуне, Аллагь, нижер мацIал.
Эбел-инсул бохдуздаги хурхун гьел
жужахIалде рехъерхъулеллъун
гьаричIого гьезул хIатIазда гъоркьан
алжаналде унеллъун гьаре, Аллагь.
Аллагь, Мун гурхIа нижедаги, нижер
эбел-инсудаги, нижеда хIакъ тIад
бугездаги, Дурго рахIмуялдалъунги,
цIобалдалъунги, гурхIелалдалъунги,
гурхIулездаги гурхIулев, Аллагь.

Щалха нилъ, магIарулал?

«КIола кIудияб мина базе, гьениб жаниб рахIат ва хIалхьи босизе кIоларо.

КIола дунялалда лъикIаб бусен – къайи босизе, макьу босизе кIоларо.

ГIарцуда кIола дунялалда бугеб щинаб библиотека босизе , гIакълу кIоларо.

Бокьарай чIужугIадан йосизе, рокьи кIоларо.

Бокьараб дару босизе кIола, сахлъи кIоларо.

БокьанагIан лагъзал росизе кIола, амма гьезул дудехун адаб – кIфоларо.

Бокьараб квен босизе кIола, аппетит босизе кIоларо.

Бокьарав судияв восизе кIола, ритIухълъи – кIоларо.

Бокьараб музикалияб алат босила дуца, макъан босизе кIоларо.

ХIасил – калам дунял кIийиде бикьизе бегьулеб буго – бичун босизе кIолелдеги, кIоларелдеги.

Инсанасул кIодолъиги нилъеца борцине бегьула гьесухъ бугеб бичун босизе бегьулареб щинаб жоялъухъ балагьун, инсанасул адабги нилъеца гьедин гьабула. Бичун босизе бегьулареб щинаб жоялде гъорлъе гIарац лъугьунеб гьечIони лъиениги щибниги къварилъи букIунаро. Амма гIарац лъугьани макъан бичун босизе, адаб бичун босизе, талихI бичун босизе, кIолареб щинаб жо гьабизе, гьелъ рачуна нилъ балагьазукье. Амма кигIан лъица щиб бицаниги нилъее гIарац бокьула. Гьеб гIарцуда аскIоб гIакълуги бугони гьеб дагьабги цIакъ бокьула».

ГъазимухIамад ГъалбацIов

МагIарулазе магIарулаллъун жалго рукIин кIвар бугеб жо бугебдай? «Дун магIарулав вуго» - йилан абураб жоялда жаниб кинаб букIаниги магIна лъолебдай магIарулаз? МагIарулав ватичIого, татарав, узбекав, маврикияв ватун вукIаравани хисизе жо букIанадай?

БукIун батуларо. ГьечIо гьабсагIат, магIарулав цойгидал миллатаздаса ватIа-вахъизе лъалеб, цебе умумул чIухIулел рукIараб я бахIарчилъи, я рукIа-ракъин, я хасият-гIамал, я ретIа-къай, я мацI.

Унго-унгояв магIаруласул букIине ккола миллаталде рокьи ва гьелдаса чIухIи. Бугищха нилъер гьеб? ГьечIо. ГьечIеблъиги нилъеда бихьула цо кинав вукIаниги магIаруласул рахъ ккун, рищиязда гIахьаллъизе къватIире рахъине ккани. Гьенире унаго нухда, чанго магIаруласда ракIалде ккола, «щай дун досул рахъ ккун, дов цIакъав вукIиналъе нугIлъи гьабизе ине кколев? Дунго вуго гурищ дун досдасаги цIакъав» - илан. Гьеб бакIалда гьес нух хисула ва досда хадур инел рукIаразул цо бутIа тIезабун жиндирго рахъалде цIала… Цо гуревлъидал гьединав магIарулав вукIунев. Гьедин ракIалде ккезе бегьула чанго магIаруласда. Гьединлъидал рикь-рикьун магIарулалги дагьлъула, дагьабго букIараб дандиязул миллатги, цолъиялъ, гIемерлъун батула, гьезул вакилги бергьуна. ГIабдалзаби гIадин магIарулалги хутIула.

МагIарулав чIухIула живго жиндасаго ва гьелъ гьесул бетIер сверизабула. Гьеб буго нилъер гIамал. Гьабизе кIолеб жоги гьечIо. КIвезеги бегьилаан, цойгидазул гIакълуялъухъ гIенеккулеб гIамалниги букIарабани магIарулазул чорхолъ. ГьечIелъул гьебги. ГIакълу малъулел чагIиги тIубанго данде кколаро магIарулазе. Киназдасаго цIодорал чагIазда гIакълу малъиги гIантлъи букIинарищха.

ГьедигIан цIодорал, чIухIарал, жидедасаго цIакъал чагIи дунялалдаго гьечIиланги ракIалде ккун хьвадулел магIарулал, гIисинккун кьолел гъурщазги, сихIираб политикаялъги гъоркье рехана гIурусаз. Дагь-дагьккун, гIарацго щибжояли лъалареб букIараб магIарул халкъ, гIарцуде ругьунлъана, харжила, пенсияйила, инвалидностилан тIаде чваххулеб жо камичIо. Щвана. ЩварабгIан бокьана. БокьанагIан щвана. Нагагь щвечIого хутIани, хIехьезе кIоларого лъугьана. Дагь-дагьккун гIарцухъ бичана тарих, маданият, адабият, мацI, яхI-намус, гIадат-гIамал... Миллатго бичана. Учузго. ГIарцуда аскIоб гIакълу хIалтIичIо. ГIуруслъана. ХутIана цохIо щибниги гъоркь, тIад, жаниб гьечIеб гьодораб, тIадагьаб цIар. Мун щивилан гьикъани, кутакаб пахрулъиялда, бацIцIадаб магIарул мацIалъ «аварец» - илан абула. МагIарулалъ кIалъайилан абуни, «не знаю я» - иланги тIаде жубала. Гьеле нилъ ортарал кIкIалал гъварилъи.

Берцинго, жидерго рорхатал мугIрузда рукIарал магIарулал, гьанже руго кIкIалал тIиналда, тIад къоноги чIван. Гьенир рукIаниги, расги жо лъугьинчIеб гIадин, дагьабги гъваридаб кIкIалахъе нух балагьулел руго, дагьабги гIемераб гIарац доба бати мурадалда. Я миллат къваригIун гьечIо, я мацI къваригIун гьечIо, я гьелда хурхараб щибго къваригIун гьечIо. Эбел-инсул цIарцин кIочене хIадурал руго, гьелъухъ щолеб жо бугони.

КигIан кутакалилан нилъедаго кканиги, гьечIо нилъ гьедигIан кутакал чагIи. Тамахал чагIи руго. «Гьадаб гIор бахарабго къваригIунареб жо буго нужер гьеб магIарул мацI, гIурус лъазабе, ингилис лъазабе, гьел мацIазе ботIрода жаниб бакI букIине, рахьдал мацIал малъуге лъималазда» - йилан абуни, гьедин гьабизеги гьабула. ГIемераб жо лъазабунагIан лъикI хIалтIулеб жо бетIер букIунеблъицин лъаларо нилъеда. Бица-бицаралда божула. ГIурусал рачIинегIан бецIал, щибго жо лъаларел чагIи рукIанин магIарулалин абураб жоялдаги божула. Дол нилъер тIагIинарурал аза-азар гIалимзаби американал рукIун ратила. Жеги нахъе цIунун ругел дозул бечедал библиотекаби, жалго жededасаго рижун ратила.

МагIарул росабалъ эбел-эмен гаргадулел руго лъималазда гIурус мацIалъ. «Щай, вац, мун лъималазда гIурус мацIалъ кIалъалев» - илан гьикъани - гIурус лъазейилаха. Гьукъаниги лъачIого хутIуларо гьанже гIурус мацI. ГьебгIан гIемераб жо щибниги гьечIо нилъеда свер-хъверун. ГIурус мацIалъул лъеца росун инел руго нилъ. Цо-цоязул гъоркьа хIатIалцин рихьулел гьечIо.

Гьеб ахIвал-хIалалдаги, гIурус мацI халкъалда лъазейилан цIиял программабиги гIуцIцIун, 50 миллион Россиялдаса ахIарал гIурус учительзабазе кьезейила, 7, 5 миллион цойгидал тадбиразе кьезейилан бихьизабун буго Лъай-кьеялъул министерствоялъул сайталда. Квеш букIинчIого букIине батилаха, рахьдал мацIалги лъазаризе кколилан, гIемерал тадбираздасан гIуцIцIараб программаги буго гьениб, цо беццаб капек гIарацги гьечIо бихьизабун. Гьеле хIукуматалъулги миллатазде ва мацIазде бугеб бербалагьи. Жалго жидеего къваригIунарел миллатал хIукуматалъе щай?

Кутакалилан нилъедагоги кколел, вахьнаби руго нилъ. Нилъ вахьнаби рукIин цойгидаздаги бихьулеб буго.

Цойги мисал: рахьдал мацI лъаялде кIвар кьеялъул мурадалда, 9 класс лъугIигун цIалдохъабаз экзамен кьезе кколин лъазабуна эбел-инсуда. Рохаралищха гьел? РохичIо. Гьез, рекерун, мацI лъималазда лъачIого букIине нухал ралагьана. Сентябрь тIаде щвейгун, гьел рекерана, лъимал гIурус мацIалда кьолеб «Дагестанская литератураялъул» дарсазде ритIейилан гIарзаби хъвазе. Гьел дарсалги руго Дагъистанги рихарал, дагъистаналъул миллаталги рихарал, гьезда, кигIан кIваниги хехго, мацI кIочон тей мурадги бугел чагIаз ургъарал дарсал. Гуронани, дагъистаналда вугев чиясда, кинаб лъанги, дагъистаналъул миллатазул мацI лъазе кколилан, течIого, щибизе ургъараб жо гIурус мацIалда кьолеб дагъистаналъул адабият. Лъараб жоялъул зарал букIинилан хIинкъун ратилаха. Гьеле нилъер гIакълу.

Цодагьабниги яхIалъул асар бугев чиясда квеш букIинеб хIалалъ хъванин кколаха дица гьаб. Щай? Щайгурогоха, халкъалда гьоркьор рукIуна, гьеб бечелъиялъги, гIарцуцаги, хъантIиялъги, рецц-бакъалъги жидеде асар гьабичIел, роцIцIараб бетIералъул цоцогIаги миллаталъул вакилзаби. Гьел рукIуна ахIи балел, «Лееее, магIарулал, дунялалда букIуна бичун босулебги босуларебгиииии! Гьеб бичун босулелда хадур рекерахъдилаго, бичун босун бажаруларебтIагIине тогееее!» - илан. «ЦIуне нилъерго миллат, цIуне мацI» - илан ахIделел рукIуна гьел чагIи. «АбгIаги щибизе къваригIараб жо? ГIурусалъ бицани бичIчIуларогойищ бугеб» - илан, гIинцин тIамуларо магIарулаз. ЦIакъ бокьилаан пикру гьабуни, бицунелъухъ гIенеккани, лъалез малъараб гьабуни. Гьаб рагIизе кколел чагIаз я казият цIалуларо, я гIакълу щвезе бегьулел тадбиразде рачIунаро, рихьизецин рихьуларо. ГIемерисел гьединал руго.

Дица гIамм гьабун бицаниги, магIарулазда гъорлъ миллаталъул багьаял магIарулал рукIинги лъаларев чияс казият цIалулеб батиларин ккола. Лъидасаго гIемераб буго нилъер миллаталдаса чIухIизе гIилла. Амма…. РакI унтун буго.

Победил Магомедзагир Абдусаламов

В целях пропаганды здорового образа жизни, укрепления дружбы и дальнейшей популяризации и развития игры в шашки, 25 июля в Левашинском районе прошел турнир по русским шашкам. Соревнования были приурочены ко Дню Конституции Дагестана.

Турнир проходил под лозунгами «Мы против террора», «Скажем наркотикам – нет!».

Организатором турнира выступил отдел по ФК и спорту совместно с отделом по делам молодежи и туризму администрации МР «Левашинский район». Попробовать свои силы в интеллектуальном единоборстве на турнир съехались игроки из муниципалитетов района. Соперники играли между собой по круговой системе. Хороший уровень игры показали шашисты из сел Леваши.

Главным судьей турнира стал большой любитель игры в шашки и шахматы, участник и победитель различных турниров и чемпионатов по данным видам спорта, начальник архитектурного отдела администрации района Руслан Абуталимов.

В ходе турнира участники продемонстрировали свое интеллектуальное развитие, спортивный азарт и волю к победе.

Так, в результате окончание 7-туров игры и подсчета баллов, круг победителей определился следующим образом:

1-е место занял Абдусаламов Магомедзагир (с.Леваши). 2- е место за Карабудаговым Магомедом (с.Леваши). 3-х мест удостоились братья Омаров Магомедали и Омаров Омар, тоже из селении Леваши.

Церемонию награждения провели и.о.начальника отдела по ФК и спорту Администрации МР Магомед-Шамил Айгумов и Руслан Абуталимов.

Призеры и победители награждены грамотами и медалями от отдела по ФК и спорту Администрации МР «Левашинский район». А победителю турнира торжественно вручен Кубок от торгового дома «Астория».

В чем вред наркомании

Вред наркомании заключается и в том, что при воздействии наркотических ядов на человеческий организм, поражаются все без исключения органы и системы жизнедеятельности человека.

Еще Ф.М. Достоевский сказал, что красота спасет мир. Так вот эта самая красота молодых людей при потреблении наркотиков гибнет и разрушается.

Подростки и молодые люди страдающие наркоманией, становятся некрасивыми в прямом и переносном смысле слова. Их внешнему облику присуща неряшливость. Общий вид таких людей (наркоманов) настолько болезненный, что прохожие начинают сочувственно смотреть таким молодым людям вслед.

Вред наркомании проявляется в резком похудании, снижении веса тела, преждевременном старении.

Наркомания, алкоголизм крушат корни, стволы и ветви родословного дерева, губят молодую неокрепшую поросль.

Великий врачеватель древности Гиппократ утверждал, что в «здоровом теле - здоровый дух». Особенный вред наркомании в том и состоит, что при ней поражаются и тело, и разум. Духовная опустошенность наркоманов сопровождается бессмысленностью поступков, их поведение противоречит интересам нашего общества: хулиганство, нарушение норм проведения, преступления.

Известно, что 87% преступлений, включая и предательство интересов нашей страны, совершаются в алкогольном опьянении или в состоянии дурмана, вызванного приемом наркотического вещества.

Дорога к наркотику - путь в один конец. Анализ каждого случая подтверждает истинность такого вывода, где бы не произошла трагедия.

Одна из страшных последствий наркомании состоит в том, что после приема наркотических или других токсических средств прекращается дальнейшее физическое развитие организма молодого человека.

Меры борьбы с наркоманией

В Левашинском районе проводится огромная работа по борьбе с наркоманией.

Одной из самых действенных мер борьбы с наркоманией и ее профилактики является санитарное просвещение.

Большое значение в борьбе с наркоманией имеет работа в семье, где выявлены наркоманы. Довольно часто первая проба наркотика происходит в таком возрасте. Подростки хотят ощущать себя взрослыми и хотят, чтобы именно так их воспринимали окружающие.

Чтобы противостоять давлению «друзей-наркоманов», молодой человек должен быть внутренне убежден в неприемлемости употребления наркотика, и в этом необходимо участие общества, а не отдельно взятого психолога или педагога.

Нужно всегда помнить: наркомания - это проблема общества в целом. Одна из самых важных задач сегодняшнего дня - снизить уровень наркомании. Важная роль для решения этой задачи отводится школе. Профилактика наркомании и токсикомании среди подростков имеет огромное значение. Профилактика наркомании в образовательной среде призвана повлиять на формировании собственного мнения подростка.

А. Лабазанов

2018 ибил дусла июльла 20-личибси «Сагаси гьуникад» газетализи «Чихъали саби полицейти?!» бикIуси дила макьала кабяхъибсири.
Ил макьалализиб нуни хатIа барилра, «охранникуни» лукIуси мерличиб хабарагарли «полицейти» белкIира. Ил дила хабарагарли бетаурси хатIа саби.
Макьалала бухIнабуц (содержание) цехIнабли чIянкIли охранникуначилацун (къараултачила) саби гъайбикIуси, полицейтачила ахIенну.
Дила хатIа ца дев саби. Дила хатIаличирад чердерхирая, полицейти.

МяхIяммад Тахсурманов

Главный редактор: **Г.О.Гасанов**
тел. 8 (928) 674-36-49
Отв. секретарь: **Н.М.Алиев**
Корреспондент: **А.Алиев**
Корреспондент: **М.Сайгидова**
Фотокорреспондент: **Ш.Ашурилов**
Художественный редактор: **М.Магомедов**
Дежурный: **Н.Алиев**

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Роскомнадзор)

Регистрационный номер - ПИ №ТУ5-00379 от 24 апреля 2017 года.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность предоставленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. При перепечатке материалов газеты ссылка на «Сагаси гьуникад» обязательна.

Адрес редакции и издателя: 368320
РД, Левашинский район, с. Леваши, ул.Буйнакская 69.
Редакция газеты **«Сагаси гьуникад».**
E-mail: **levashi-media@mail.ru**
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация муниципального района «Левашинский район»
Тираж 1000 **Цена 10.00р.**
Время подписания в печать - 17.00
Фактическое - 19.00
Газета отпечатана в типографии **ООО «Лотос»**
Адрес: **г.Махачкала, ул. Пушкина, 6.**
По вопросам качества печати обращаться в типографию **ООО «Лотос»**.